# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

CIVIC ACTION TEAMS

अंक #८४

२९।८।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथै हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## वैदेशिक रोजगारीमे जायके लेल श्रमिक छनौट प्रकृया

१. रोजगारदाता गन्तव्य देशके सम्बन्धित मन्त्रालयसँ श्रमिकके मागपत्रके प्रमाणित कराओत ।

२. रोजगारदाता या ओकर आधिकारिक कम्पनी नेपालके कुटनीतिक नियोगमे श्रमिक मांगके कागजात प्रस्तुत करत ।

३. कुटनीतिक निकाय (दुतावास) रोजगारदाताके कानूनी आ आर्थिक अवस्थाके बारेमे परिक्षण करत ।

४. दुतावास नेपालसँ कामदार लाब छनौट प्रकृयाके लेल अनुमती प्रदान करत ।

५. वैदेशिक रोजगार विभागसँ पूर्वस्वीकृति प्राप्त हेतै ।

६. श्रमिकके मांगके सम्बन्धमे राष्ट्रियस्तरके दैनिक पत्रिकामे विज्ञापन प्रकाशन कएल जेतै ।

७. अन्तरवार्ता/स्वास्थ्य जाँच/बीमा/( अभिमुखीकरण हेतै ।

८. वैदेशिक रोजगार विभागसँ अन्तिम स्वीकृति प्राप्त हेतै ।

९. हवाई टिकट किननाई, गन्तव्य देश प्रस्थान

स्रोत: https://moless.gov.np/wp-content/uploads/2020/03/Labour-Migration-Report-Nepali-2020.pdf

## नेपाल अपडेट



नेपालगञ्ज उप-महानगरपालिका वडा नं. १५ जमुनाहावासी कहैत अछि, आब कोरोनाके डर नै अछि ।

चित्र: लोक बहादुर घर्ती

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १८,३६,४६४

पोजेटिभ: २,४९,२४४

उपचाररत: १०,९५५

मृत्यु : १७१६

सन्चो भएका : २,३६,५७३






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



कोरोना खोपके सफल परीक्षण भेल विश्व समाचारसभ आबिरहल छै । कोरोनाके खोप नेपालमे लेकिन कहिया एतै ?

विश्व स्वास्थ्य संगठनके कोभ्याक्स सँ प्रमाणित केलाके बाद मात्रे नेपालमे खोप एतै । तेना छै त नेपाल भण्डारण कर मिलवला खोप अनतै । १४ वर्ष सँ कम उमेरके लेल कोरोना खोप नै बनल छै । जे नेपालके कुल जनसंख्याके करिब २८ प्रतिशत छै । बाँकी जनसंख्याके सरकार खोप लगावके तैयारी करहल छै । तैके तहत कोभिड कोभ्याक्स सुविधाके तहत २० प्रतिशत जनसंख्याके खोप उपलब्ध हेतै । तै बाहेक, खोप विकासक क्रममे रहल मे सँ गुणस्तर युक्त, कम लगानी, पूर्वाधारमैत्री एवं विद्यमान कानुन अनुसार उपलब्ध कराब खोप सल्लाहाकार समितीके सल्लाहमे स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय प्रकृया आगु बढारहल छै । अखने आबी जेतै से नै छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/shPXz3d



नेपालीसभ भिजिट भिषामे जालक विदेशेमे काम केनाई आ बेसहारा होब लगालपर सरकार भिजिट भिषा बन्द कर लागल छै।

सरकार भिजिट भिषा बन्द नै केने छै । भिजिट भिषामे विदेश जायवला नेपालीसभ भिषाके दूरुपयोग केने आ तेना क गेलसभ बेसहारा परल निष्कर्ष निकालैत सरकार अध्यागमन कार्यविधि संशोधन सहित किछ नयाँ नियम धलक कडाई करके गृहकार्य आगु बढेने छै । भिजिट भिषामे जायवला नेपालीके हकमे आब थपाएवला कार्यविधी संसोधनमे भिजिट अवधिभैरके लेल बीमा कर परत, घुम जायके उद्देश्य, घुम्न जाय सकके क्षमता खुलवला आधार राखल जाय तेनाक गृहकार्य भरहल छै ।

स्रोत: रमेश कुमार केसी, महानिर्देशक, अध्यागमन विभाग



अखनो तक कोभिड - १९ के रोगीके लेल अस्पतालमे आईसियु आ भेन्टीलेटर नै भेटै छै त ?

स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय सँ देलगेल आंकडा देखबै त देशभैरमे करिब २,८०० आईसियु बिछान आ १,००० भेन्टिलेटर रहल छै । कोभिड - १९ से के ईलाजके लेल कहिक ४९० आईसियु बिछान थपके लेल काम सेहो भलरहल सेहो कहने छै । जँ आईसीयु या भेन्टिलेटरके सेवाके जरुरत परल रोगी भेलापर मन्त्रालयके हटलाईन नम्बर ११३३ मे सेहो सम्पर्क कएल जासकैय।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1FNJHQq7KUsgs9t-VPjYN4zv2maLp2Eu1/view



सार्वजनिक खर्चमे मितव्ययिता सम्बन्धी मापदण्ड लागु भेलाके बाद लकडाउनके समयमे अग्रपंक्तिमे खटल सुरक्षाकर्मीके जोखिम भत्ता रोकलगेल छै ?

कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण तथा ईलाजके खटल सुरक्षाकर्मीके जोखिम भत्ता नै रोकलगेल छै । २०७६ साल चैत्र १६ गतेके निर्णय अनुसार खटल सुरक्षाकर्मीके जोखिम वर्गिकरण सहितके अभिलेख सम्बन्धित सुरक्षा निकायसँ प्रमाणित कलक प्राप्त भेलाके बाद अर्थ मन्त्रालय श्रोतके उपलब्धताके आधारमे निकासा देब बाधा नै परत जनतब देने अछि ।

स्रोत: https://cutt.ly/KhPTifi

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१२३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,५९,८८८ संक्रमित | १,४६,२१८ संक्रमित | ८८,४९५ संक्रमित | १,४०,९६१ संक्रमित | १,८४,९४९ संक्रमित | १,२६,२४० संक्रमित | ७३,४७५ संक्रमित | ४३,४८४ संक्रमित |
| ५,२५० नेपाली संक्रमित | २,१५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २७,४१२ नेपाली संक्रमित | ४,५०० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित |
| ८४ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## यूएईमे सर्वसाधारणके कोभिड - १९ के खोप देनाई शुरु

यूएईमे सर्वसाधारणके कोभिड - १९ के खोप देनाई शुरु कएलगेल छै । यूएईमे बहुतोरास अस्पताल आ हेल्थ केयरमे देब लागल अई खोपके २ बेर लागब परतै । पहिल बेर लेलाके २१ दिनमे दोसर खोप लेब परत ।

- ऋखनके लेल खोप VPS हेल्थकेयर आ NMC अस्पताल सँ सम्बन्धित अस्पतालसभमे लेल पाएब ।
- दुबईमे, दुबई पार्कस् एण्ड रिसोर्टस् फिल्ड हस्पिटल, सारजाहमे, वेस्ट मेडिकल सेन्टरमे साँझ ४ बजे सँ रातीके ९ बजे तक ।
- अज्मानमे अल हमिदिया सेन्टरमे भोरके ९ बजे सँ दूपहर १२.३० तक आ साँझ ५ बजे सँ राती ८:३० बजेतक ।
- उम अल क्विन आ फुजेरामे अल बाईट मे तवाहिद सेन्टर आ मुरासिद मेडिकल सेन्टरमे सेहो ई सेवा उपलब्ध हेतै ।

अईके लेल आहाँके पहिले हि समय लेब परत । अईके लेल फोन ८००५५४६, ह्वाट्सएप ०५६५३८००५५ साथे स्वास्थ्य तथा रोकथाम मन्त्रालयके नंम्बर ८००५० मे सम्पर्क कर सकैछी ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च

रकम निकासा

खर्च भएको रकम




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल आषाढ अन्त्यतकमे गुर्भाकोट नगरपालिकाद्वारा कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे केने खर्चके विवरण




गुर्भाकोट नगरपालिका, सुर्खेतद्वारा कोरोना नियन्त्रण, रोकथाम तथा प्रतिकार्यमे २०७७ साल आषाढ अन्त्यतक मे केने खर्च सार्वजनिक केने छै । उपरके रेखाचित्रमे नगरपालिकाद्वारा करिब ५५ लाख टका दवाई आ स्वास्थ्य उपकरण किन खर्च केने देखल जासकैय, जे कि अई महामारीके समयमे बढिया खर्च मानल जासकैय । खर्चके बड्का हिस्सा क्वारेन्टाईन तथा आईसोलेशन सञ्चालनमे गेल देखाईत छै । अई सँ बजेटके वितरणमे ध्यान देल कहल जासकैय । महामारीके समयमे अग्रपंक्तिमे खटल कर्मचारीद्वारा अपन जान बाजीमे लागक काम केलाके कारण सँ जोखिम भत्तामे कएलगेल ५६ लाख खर्चके सेहो सकारात्मक मानल जासकैय । लेकिन राहत वितरण मे भेल ४० लाख खर्चपर लेकिन प्रश्न उठाओल जा सकैय । राहत वितरण मे भेल खर्चके पारदर्शी बनाब राहत वितरण केने व्यक्ति आ रकमके विस्तृत विवरण सार्वजनिक केनाई लेकिन जरुरी छै ।

नोटः हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## निर्मला ब्लोन

मनहरी गाउँपालिका स्वास्थ्य शाखा

"हम एक संक्रमित भऽलचुकल व्यक्ति सेहो छी । हम अखनो किछ असर भोगैत आएल छी । कतेको कोई कोरोना किछ नै छै कहिक लापरवाही सेहो करैत आबी रहल छैथ । हम देखला सँ स्वस्थ्य देखाईतो, हमरा कोरोना संक्रमण भगेल । तेकर असर अखनोतक हम भोगैत आबीरहल छी । एकरा बड्का त्रास आ डरके रुपमे सेहो नै लेबके चाही आ ई किछ नै छै सेहो कहिक नै लेबके चाही । हमरा कोरोना एते कमजोर बनेलक कि, हमर शरीरमे कोनो तागत नै अछि तेहन महसुस भेल छल । "

## सावित्रा ढकाल

अहेव, हेटौडा अस्पताल

"शुरुमे कोरोना कि हेतै, केहन रोग हेतै कहिक हमहु सेहो घबड् गेल छलौ । हम अस्पतालेमे काम केला सँ सेहो भऽलसकैय, आब केना काम करब कहिक बहुत चिन्तित छलौ । शुरुमे स्वास्थ्य सर्तकता बहुते अपनेलाके बादो बहुते डर लगौ छल । लेकिन धिरे धिरे डर हराईत गेल । दिनभैर काम कऽलक घर पुगलापर सेहो सब स्वास्थ्यके मापदण्ड पालना करैत आएल छी । पूर्ण स्वास्थ्य मापदण्ड पालना केलाके कारण सँ भऽलसकैय, संगे काम करवला कर्मचारीके कोरोना लैगतो हमरा अखनतक नै लागल अछि । "





## डा. सागर काफ्ले

इन्चार्ज, कोभिड - १९ उपचार तथा व्यवस्थापन केन्द्र, हेटौडा

"अखन हम मात्रे नै, सामान्य नागरिक सेहो कोरोना के स्वीकार लागल अछि । बहुतोरास आदमी सचेत होईत गेल छै । शुरुमे कोरोना संक्रमण होईते देरी अस्पताल भर्ना होई छल त अखन लक्षण देखाएल आ दिक्कत भेल रोगीके मात्रे भर्ना कएल जाईत छै । कोरोना सँ मृत्यु भेल समाचार आबीरहल छै, लेकिन कोरोना लाईगते देरी व्यक्तिके मृत्यु नै भऽजायत । समये मे अस्पताल तथा स्वास्थ्यकर्मीके सम्पर्कमे आबीक ईलाज करेलौ त कोरोना सँ मृत्यु नै हेतै । "

सही सूचना

# कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित मे सँ बहुते घरमे एकान्तवासमे

## अलगे अलगे प्रदेशमे घरेमे एकान्तवास, आईसियु आ भेन्टिलेटरमे रहल कोभिड - १९ के सकृय संक्रमितके संख्या




उपरके रेखाचित्रमे अलगे अलगे प्रदेशमे घरेमे एकान्तवास, आईसियु आ भेन्टिलेटरमे रहल कोभिड - १९ के सकृय संक्रमितके संख्याके देखाएल गेलछै । जम्मा सकृय संक्रमित मे सँ करिब ५७ प्रतिशत संक्रमित घरेमे एकान्तवासमे रहल छै । तहिना कलक करिब ४० प्रतिशत सकृय संक्रमित अस्पताल या संस्थागत सेवामे रहल छै त जम्मा तीन प्रतिशत सकृय संक्रमित आईसियु तथा भेन्टिलेटरमे सेवा लरहल अछि । अखन बेसी संख्यामे सकृय संक्रमित समुदायमे रहल छै । तै सँ सरकारके प्राथमिकता आईसोलेशन केन्द्र मापदण्ड पुरा केने छै, सबके स्वास्थ्य सेवा भेटरहल छै आ रोगी सुरक्षित महसुस कऽरहल छै से बातके सुनिश्चितता करमे होब परत ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs